Mwen espere ke nan yon dat pwòch nan lavni, Administrasyon an, va pli enspire e va chanje non sa yo pou lòt ki pi byen tonbe. Epitou menm jan nou chanje Etronc-de-Porc an Sen-Jan-di-Sid, li pa temerè panse ke nou va chanje tou non ki mansyone pi wo yo.

Pa ki zile mwen va kòmanse deskripsyon' m la? – Men, natirèlman, pa sa ki pi ansyen an, ki gras a dekouvèt Kolon te premye moun te vizite.

LaTòti
Se konsa yo rele li akòz de fòm li, e se pi gran tou apre LaGonave. Non popilasyon a: Tòtigè, Tòtigèz. A anviron 1638 konsa, boukanye ak flibistye ke nou mansyone nan yon chapit pi wo, youn touye lòt. Gen viktim ki te franse e ki te pran refij sou kòt tè Valparezo (PòdPè), nan pò Lakil (1640). Menm ane a, Franse yo te repran zil la.
Bèl vèdi. Agrikilti te devlope la an 1906 pa yon konpayi Bèlj. Lapèch. Lachas. Pekari (kochon sovaj). Krab wouj bon gou ki espesyalite zònn nan. Limyè fa sou 2 bò zil la.

La Gonav
Pi gwo nan zil adjasan sa yo jès lonje kò li nan Gòlf la ki pote non li, ak pwent sid li ki fè fas a Bè PòtoPrens. Li 65 km long sou lajè l5 km. Anvan dekouvèt LAmerik, li te rele nan lang Endyen *Gwanabo* ou *Gwanavana* premye tèm ki vle di *gwo zandolit*. Non popilasyon a: gonavyen, gonavyèn.

Divès rekòt agrikòl. Elvaj. Bèf sovaj. Lapèch. Limyè Fa nan Pwent West.

Distans soti PòtoPrens km 55, soti Leyogàn, 26 km, Arcahaie 30 km.

Lil-a-Vach
Se sèl nan zil yo ki pa kenbe non Endyen yo te bali. Annefè, zil la kanpe an fas lavil Okay, e Aborijèn yo te rele'l Abak,* non ke nou tout dwe regrèt ke'l siprime. Se poutèt sa mwen kenbe'l nan fòmasyon non popilasyon'l. Abayè oswa abakè. Limyè Fa nan Pwent nan Lès.

Distans soti Okay l0 km, Tòbèk 12 km, Aken 30 km.

Kayimit
Nan Nòdwès prèskil Baradè nou wè gwoup zil Kayimit kepopilasyon an mwen rele Kayimiten, Kayimitèn. Limyè Fa nan Pwent Nòdwès. Distans soti Pestèl 7 km, soti preskil Baradè 3 km, Jeremi 35 km.

LaNavaz
Non popilasyon: navajwa, navajwaz.Tankou yon timoun ki kouri kite kay fanmi li, LaNavaz. byen lwen kòt nou yo - 80 km – benyen nan Lanmè Karayib sou bò solèy kouche nan preskîl Sid.

Ameriken E.U.A. bati yon bèl fa. Gwano. Lapèch.

RIVYE K'AP PWOMNEN…
TORAN FOUGE…
KASKAD KI KIMEN…
LAK AK DLO KALM…
HAITI, -
Kiskeya ki plen cham ak pwesy e plen rivyè, plen toran ak dlo mouvmante, kaskad ki fè kim, ak lak ki ten yo parèy a koulè do fèy kayimit. Laplipa rivyè nou yo gen yon rejim toransyèl. Byen souvan gwo lapli twouble yo, sa ki rann yo enpasab, men kanmenm yo fè fèy vèt ak zèb pouse, yo bay frechè e labondans yo pote rann zil nou an youn nan pi bèl mèvèy omond.

Se sitou leswa, lè solèy la – tankou yon glòb dife – parèt rouj lè l'ap kouche, oubyen lè li pi ta, kan lalinn twopikal la klere, kan lanmè ak mònn nou yo pran de ton enkwayab, se lè sa a key on moun emèveye de bote natirèl sayo… Se yon kont, yon rèv : Non! Se yon reyalite ki chak swa, retounen

nan menm tablo grandiòz la.

Nwit nou yo – ak van fre oswa tyèd – mete dènye touch nan tablo mayifik sa a. Yo fè yon moun sonje cham nwit an Egip.

*Men yon kwensidans ke Lil-a-Vach, Abak, te nan gwo nouvèl de dènye semenn yo. Gade Haiti-Observateur dat 19-26 jen ak 26 jen-3 jiyè 2013.

(A swiv)

Semèn pwochèn nap kontnye ak:
Rivyè, lak ak forè de pen nou yo. Lachas

journal du 3- 10 juillet 2013:HO 7/3/13 5:26 AM Page 13

Blagues de Louis

En traduisant en français des blagues conçues et écrites en allemand, Louis, citoyen haïtiano-allemand, jette un pont culturel entre la franco-créolophone Haïti et la germanophone Allemagne qui réunit Prussiens et Bavarois.

1890— Un paresseux veut avoir des vacances supplémentaires. Il va se faire consulter par un médecin pour avoir un congé-maladie. Comme le médecin désespéré n'arrive pas à trouver une raison pour le faire, il l'envoie à un collègue qui a plus d'expériences avec les cas difficiles. A l'examen, le médecin tourne le dos au patient et dit:

–*« Je vais compter jusqu'à trois, puis je vais laisser tomber mon pantalon. Je vais encore compter jusqu'à trois, et cette fois, c'est mon caleçon qui va suivre, je vais me baisser et compter une dernière fois jusqu'à trois, et là vous devez me sauter dessus et me mordre dans le cul. »* Le patient dit: *«Absolument hors de question…je ne suis ni fou si pervers… »* Le médecin sourit, prend son stylo et écrit *: « Le patient souffre de manque d'appétit. »*

1891— Un Irlandais, un Danois et un Allemand sont dans un pub. La porte s'ouvre, un nouvel hôte rentre. Jésus ! -*« Je guéris **par l'imposition des mains»,*** **dit-il. L'Irlandais réagit en premier**: *« Je souffre du **synovite du coude… »*** **Jésus lui pose la main sur son bras – et -** *«Génial, **crie l'Irlandais**, la douleur est partie. »*

-«Guérissez mon cou. » **Supplie le Danois et une fois de plus Jésus le guérit en lui posant la main sur le cou. Il se tourne enfin vers l'Allemand**: *-« Venez à **Jésus. »*** **Mais ce dernier : -***« Ne me touchez **pas**, j'ai encore **six semaines** de congé-**maladie!»***

1893— **Après la chasse deux**

amis décident de déguster encore une bière à la maison de l'un d'eux. –*« **Shhh** !* dit celui-ci à **la porte d'entrée, *Ma femme dort déjà*!** *»*

Ils entrent discrètement dans **l'appartement, on va à la cuisine et l'autre jette un coup d'œil dans la chambre à coucher. Horrifié, il retourne dans la cuisine et dit: *-«Eh ! Il y a un homme qui est couché dans ton lit à côté de ton épouse§ » -«Ne parle pas si fort…sois silencieux…nous n'avons que deux*** *boutelles de **bières**! »*

1894— Une femme rentre dans une pharmacie et demande des préservatifs de grande taille. Le pharmacien lui demande si elle en veut avoir plusieurs et combien. Elle répond : *-«En fait, non, mais je vous serais très reconnaissante si vous me permettiez d'attendre ici jusqu'à ce que quelqu'un client fasse la même commande »*

1895— Quel point de commun il y a t'il entre Barack Obama et un rasage intime? Peu importe, l'essentiel est que Bush est parti!

1896— Une religieuse s'achète un vibromasseur, y mets les piles, l'allume et dit: *-«Tu n'as pas besoin de commencer à trembler, c'est également pour moi la première fois. »*

1897— Un homme entre dans la pharmacie et dit: *«S'il vous plaît donnez-moi un paquet de strychnine.''* Le pharmacien*: -«Qu'est-ce que vous voulez en faire ? »* L'homme : *-«Je veux tuer ma femme. »*

Le pharmacien: *-«Mais, vous ne devez pas le faire.»* L'homme tire une photo de sa femme de sa poche et le montre au pharmacien. Le pharmacien: *-«Oh, Pourquoi n'avez-vous pas dit tout de suite que vous avez une prescription? »*

1898— Fito dit au galant qui sonne à la porte avec un bouquet de fleurs dans les bras: *-«Aujourd'hui, vous pouvez attendre ma sœur aussi longtemps que vous voulez…Je vous assure qu'elle ne viendra pas : J'ai caché sa perruque et son dentier ! »*

1899— Un homme sort de la salle de bain, nu et se faufile sous le drap dans le lit, à côté de sa femme.

Elle réagit comme toujours : *-«Aujourd'hui ça ne marche pas, j'ai mal à la tête! »* Lui: *-«Pas de problème, dans la salle de bain j'ai poudré mon joujou avec de l'aspirine. Maintenant c'est à toi de décider si tu veux le prendre oralement ou comme suppositoire. »*

1900— C'est le 6 décembre, Santa Claus visite Toto. Il ouvre son sac et en sort un chemin de fer. Fritz est fou de joie..: *-« Oh Santa Claus, c'est le chemin de fer que j'ai toujours voulu avoir… Comment l'avez-vous su? ».* Saint Nicolas tamponne Toto avec son doigt sur son nez et dit: *-«C'est sur ton nez que je l'ai vu. »* Il plonge la main de nouveau dans son sac et en sort cette fois une piste de course. Toto: *-« Oh Santa Claus, c'est la piste de course que j'ai toujours désiré avoir. Comment avez-vous pu le savoir ? »* Saint Nicolas tamponne Toto de nouveau sur le nez avec le doigt et dit: *-«C'est sur ton nez que je l'ai vu. »*

Toto demande à Saint Nicolas : *-« Est-ce vrai Santa Claus que les anges du paradis ne portent pas de sous-vêtements ? »* Saint Nicolas regarde surpris Toto et répond : *-« C'est vrai….Mais comment l'as-tu su ? »*

Toto répond : *-« C'est sur votre doigt que je l'ai senti. »*

pakington**VICTIMES D'ACCIDENT**
Real Estate, Testament, Divorce, Entreprises
CONSULTATIONS SPÉCIALES
ILYA E. PARNAS
AVOCAT
2190 Boston Rd. (Suite 1M)
Bronx, N.Y. 10462
www.parnaslaw.com
e-mail : **ilyaparnas@gmail.com**
Tél. 718.824.8100
Fax : 718.824.4099

Jojo Lorquet écroué au Pénitencier national

S'EST-IL LAISSÉ PRENDRE DANS LA SOURICIÈRE DE MICHEL MARTELLY ?

Jojo Lorquet, personnage de la télévision très connu en diaspora, particulièrement au sein de la communauté haïtienne de New York, mais aussi de New Jersey, Connecticut, Miami, Boston, Pennsylvanie et ailleurs, se trouve interné au Pénitencier national depuis samedi, à la suite de son arrestation sur l'ordre d'un juge instructeur. Selon des sources judiciaires, à la capitale haïtienne, il serait accusé, entre autres choses, d'association de malfaiteurs et de corruption. Son cas serait lié, dit-on, à celui d'Édouard Louverture, connu surtout sous son nom d'artiste, « Kompè Moloskòt ».

On apprend, en effet, que Lorquet a été mis en état d'arrestation samedi matin, peu après son arrivée de Miami. L'ordre de son arrestation avait été émis par le juge en charge de l'instruction du dossier de la corruption et autres actes criminels dont sont accusés Lorquet et d'autres personnes, surtout Kompè Moloskòt, qui serait en fuite.

Selon des personnes qui connaissent le cas, Jojo Lorquet, ami et protégé du président Martelly, est incarcéré sous plusieurs chefs d'accusation, notamment livraison de port d'arme et carte d'accès à la présidence, moyennant de fortes sommes d'argent qu'il se verser sous forme d'honoraires. On affirme que, casé à la Douane de Miragoâne, par le président Martelly, il s'y serait engagé dans des actes de corruption sous forme de rançonnement des clients. A cet égard, il serait également sous le coup de la justice pour corruption.

On rapporte en outre que le président Martelly a été informé de la mésaventure de son ami et ancien représentant du chanteur du compas Sweet Mickey dont il assurait la promotion de la musique, en plus de négocier des contrats aux Etats-Unis, au Canada, en Europe et même aux Antilles. Un des amis de Lorquet ayant accès auprès du président Martelly s'était empressé d'entreprendre des démarches en faveur du prévenu auprès de son ami président. Mais ce dernier aurait donné comme réponse que « *Jojo a des démêlés avec la justice* ». Ce serait le cas de dire : « *Adieu, j'en suis hors, tache de t'en tirer* ».

Dans l'entourage de Jojo Lorquet, on rapporte que, absent d'Haïti pour effectuer un voyage à New York, il a été avisé par un des ses amis de se garder de revenir au pays dans l'immédiat, car il était recherché par la Police. Lorquet a décidé de passer outre à cette mise en garde et a été saisi à sa descente d'avion par des policiers cantonnés à l'aéroport international Toussaint Louverture.

S'agit-il d'une revanche de Martelly contre son ami trop bavard ?

D'aucuns se disent consternés par l'arrestation de Jojo Lorquet, pour avoir eu vent de propos désobligeants tenus par le président Martelly à l'égard de son ami. De toute évidence, fait-on remarquer, tout en donnant l'impression que sa réconciliation avec Lorquet était sincère, certains proches de ce dernier craignait qu'un jour le revanchard Sweet Mickey ne reprenne ses droits et décide de donner une leçon à son ancien promoteur.

En effet, suite à des désagréments avec le chanteur Sweet Mickey autour d'une dette de ce dernier envers lui, Jojo Lorquet rossait Mickey dans le cadre de plusieurs émissions diffusées sur son programme « Exit Entertainment ». Il reprochait au chanteur du compas d'avoir négligé de lui payer l'argent qu'il lui devait comme rémunération pour services rendus en tant que promoteur. Il déclarait qu'il avait payé certaines dettes de Sweet Mickey, en sus des valeurs qu'il restait lui devoir suite aux spectacles qu'il avait organisés pour le compte du chanteur. Lorsqu'il déclamait ainsi à la télévision, au sujet de l'artiste, Jojo Lorquet ne s'était imposé aucune retenue.

Les observateurs estiment qu'il faut suivre de près la réaction du président Martelly face aux difficultés auxquelles son ami est confronté. S'il fait semblant d'ignorer Lorquet et le jette en pâture à la justice, il faudra alors comprendre qu'il n'était pas étranger à ce qui vient d'arriver à son ami. Car, Calixte Valentin constituait un colis mille fois plus encombrants que Jojo Lorquet, et M. Martelly avait mobilisé toutes ses ressources de la présidence pour le faire sortir de prison, sans se soucier des critiques virulentes dont il était l'objet dans la presse, suite à l'élargissement de Valentin.

Les amis de Jojo Lorquet, qui ne savent à quoi attribuer cette mise en branle de la justice contre leur ami, craignent qu'il ne soit condamné à passer un long séjour en détention préventive. A ce compte, ils se demandent si Jojo s'est laissé prendre dans la souricière de Michel Martelly.

Kreyòl

Soti nan paj 6

te fè jefò pou nou te lib, nou pa bezwen fè anyen ankò pou nou kenbe l. Poutan, nou ap antre nan tè paske nou pa janm renmen fè reparasyon ou antretyen pou nou konsève tout sa nou te gen byen avan.

Tèlman nou pa òganize nou pou nou regle bon bagay, nou pran okipasyon sou okipasyon nan lane 1915 ki te dire 19 lane. Okipan an te vin nan peyi a 28 jiyè 1915 pou te mete lòd nan dezòd paske Pòtoprens te tounen labatwa ak lanfè pou Ayisyen natifnatal. Lè sòlda Ameriken yo te anvayi peyi a, pa menm yon ti peta te tire paske se te yon ti soulajman pou pèp la ki tap viv nan Pòtoprens. Anyen serye pat janm regle nan peyi a. Se te toujou menm penppenp nap viv kounnye a. Pa janm gen okenn chanjman. Alevwa pou yo ta travay pou yo ta mete tèt yo ansanm pou mande okipan an kite peyi a tankou yo gaye toupatou nan peyi a nan moman nou ye la. Mouvman kako a sou direksyon Chalmay Peralt te monte pou te entimide okipan an. Men anpil nan ti nèg Ayisyen pa janm sensè. Menmsi y ap manje e y ap bwè avèk ou, yo toujou gen yon kou pou yo pote w paske yo toujou renmen wè se yo ki pou triyonfe e ki pou okipe pozisyon ou a. Se rezon sa menm ki te lakòz Konze te trayi Peralt. Pagen moun ki te konnen reyèlman a ki sa mouvman sa tap abouti. Antouka, Konze te trayi Chalmay Peralt pou te penmèt okipan te kite peyi a jisnan lane 1934. Se menm bagay sa n ap viv jodi a avèk yon seri de moun ki renmen dezòd ak ipokrizi. Nou mande pou ipokrizi a sispann nan peyi a e ke tout dirijan k ap fè simagri pou kraponnen pèp dwe al dousman paske nou mande yo pou yo travay non pa pou destabilize peyi a men pou penmèt peyi a fè yon pa. Anpil nan nan nou pa janm konnen rezon ki te pouse Ameriken te rantre nan peyi nou nan lane 1915 ou pi presizeman 28 jiyè 1915 ki pral fè 98 lane depi debakman yon b ranch nan lame ameriken. M ap kite Nwèl fè yon ti rapèl pou nou paske misye se yon istoryen ki bon pou sa.

Verite sou tanbou tout bon vre

Nwèl : Mezanmi gate ki kokenn tit Krisyàn ban mwen. Se ti zefò nèg ap fè pou konn istwa peyi li. Mwen ta b yen remen tit la paske nou tout sou tè a gen yon misyon pou nou ranpli. N ap pwofite di nou tout ki la ke nou gen patisipasyon pa nou e nou dwe poze kesyon paske se konsa pou nou aprann. Pa gen moun ki kreye tout fò avèk don pou l konnen tout bagay. Se jefò popu nou fè pou nou kapab konprann reyalite a. Se nou menm ki pou fè valè tèt nou e ki pou fè lonè peyi nou nan tout sikonstans. Jodi a, mwen nan yon peyi etranje ap ede e fè ti lajan mwen pou m viv. Se paske peyi m pa òganize ki fè ou menm ak mwen menm deyò.

Se 3 rezon ki te pouse Ameriken yo te rantre nan peyi a. Nou kapab di se pou rezon militè, ekonomi ak rezon politik.

1- **Sou plan politik :** Ameriken yo te vle kontwole gouvènman yo kote yo te gen pwòp enterè yo. Kidonk, « *se sòt ki bay, enbesil pa pran.* »

Nou ensiste sou sa paske tout Ayisyen konsekan dwe konnen ti pwovèb sa a : « *Savann pou wa, li voye zago li jan li vle.* » Se yo ki pou deside sa ki pou fèt, ki jan peyi a dwe fonksyone e òganize tou. Konsa yo te fè Ayiti tounen yon peyi ki te rete ak yo nan tout sans jisjounen jodi a. Yo te kòmanse avèk yon politik *« Kokomakak »* ki te pran fen sou gouvènman Prezidan Franklen Delano Wouzvèlt pou yo te vire li nan yon « politik bon vwazinaj. » Fòk nou konn enpe nan listwa nou pou nou kapab konfòme nou. Mwen ta renmen pou tout Ayisyen konsekan pran konsyans pou yo ede lòt yo nan fè ti istwa ak yo. Nan sans sa yo kapab konnen yon ti bagay tou nan istwa peyi nou. Mwen pa kache di nou gen anpil nan frè ak sè nou ki pa konnen ki moun Desalin nan ye. Yon ti istwa ak yo ka penmèt yon pwogrè nan anviwonman an.

2- **Sou plan militè :** Se pa san rezon ke gouvènman Ameriken te vle louvri fòs militè li paske yon fòs militè se yon bagay ki trè enpòtan pou yon peyi. Li te vle montre pouvwa li devan lòt pisans yo e sèl kòk chante nan kontinan an. Avèk disiplin e detèminasyon, yo rive reyalize tout sa yo te vle. Men pèp kap panse pou peyi li. Leson ke nou tout Ayisyen te dwe aprann.

Se pa sèlman ann Ayiti yo te vle vin foure pwent nen yo ak bouch yo tou, men yo te deja fè sa nan peyi Kiba depi 1907, nan Sen Domeng depi 1910 ak nan Nikaragwa nan 1912. Ameriken pa tap jwe paske li te vle kenbe pouvwa chèf li nan kontinan an pou pa kite okenn twou vid. .

Fòk nou pa bliye ke Ayiti se kè peyi karayib yo li ye. Sa vle di li gen yon valè ekstraòdinè e estratejik pou peyi Ozetazini te reve gen yon baz militè nan Mòl Sen Nikola. Nan lane 1865 yo te deja fè demach pou sa devan prezidan Silven Salnav.

Lèfini, lame karayib la se avan pòs 2 gwo loseyan yo : Loseyan Atlantik ak Loseyan Pasifik. Sa vle di pisans ki domine nan lanmè Karayib la se li kapab kontwole 2 gwo loseyan sa yo tou. Nan lane 1903, Ameriken te fè yon jan pou Panama yon peyi endepandan. Nan ane 1904, yo te achte yon pakèt tè nan peyi Panama pou yo te kapab fè Kanal Panamaa konekte Loseyan Atlantik avèk Loseyan Pasifik la.

3- **Sou plan ekonomik :** Ameriken yo te gen anbisyon pou yo te kapab fè tout lòt ti peyi tounen tchoul li. Yo te vle fè tout peyi nan zòn nan jaden yo. Yo te dakò ede yo devlope, si vrè, men tout sa, se te pou avantaj ekonomik pa yo pou yo te toujou devan, tankou yo di nan gagè : « *Avantaj kòk la se nan zepon l li ye.* ». Yo te sitou devlope sa nou rele agwoendistri sètadi yo te fè yon pwodwi danre yo pral pase nan izin pou yo kapab voye vann aletranje tankou kann ak pit, sik ak sizal.

Olye yo te plante tè ak manje, yo te pito plante kann ak pit pou izin yo te kapab mache byen : tankou ASCO ki te kòmanse nan lane 1916 avèk lwa ki te nan avantaj pa yo. Tankou lwa ki te parèt nan lane 1926. Yo te fè lajan peyi a vin depandan nèt ak dola ameriken an.

Nou te oblije fè yon ti rale kap bon pou nou tout e kap rafrechi memwa nou e kap bon anpil pou tout ki pat janm konnen istwa okipasyon an. Nou twouve li enpòtan anpil pou nou te vin avèk ti istwa sa yo. Na retounen yon lòt lè pou bay plis koze sou listwa nou paske l chaje kou Legba. Mwen mande nou tout ki la pou nou fè yon chenn soilidarite defason pou nou ede peyi nou nan tout sikonstans. Mwen mande pou nou pa koute bann denigrè yo ki pa janm vle pwogrè pou peyi a. Pa konprann ke tout vagabon k ap kraponnen nou pou fè konnen pa gen okenn pwogrè nan peyi a nan enterè nou. Se sansi yo e yo pa gen okenn enterè pou peyi a devlope. Yo kache verite yo. Peyi a fè ti pwogrè paske l sou chantye e tout bagay etale nan entènèt. Mwen tge fè yon ti kout pye nan peyi a e m te wè gwo diferans ant ane pase yo ak ane sila. Tout denigrè yo nan manrti e yo kenbe verite a. Se bagay sa ki lakoz peyi a pap vanse paske yo vle toufe verite. Yon bann malfektè pran daso pou yo kenbe peyi a nan otaj. Nou mande pou ekzekitif la boukle entiwon li pou travay la kontinye. Pa gen peyi a pou ki ale nan yon lòt kriz. Pa bliye tou ke mesye yo ap defann enterè mesken yo.

Kote Ayiti prale ?

Joslin : Nou reyèlman nan ka e nou nan wout pou n pèdi peyi a si nou pa mete yon fren nan demagòg yo k ap fè dilatwa pou anpeche gouvènman an travay. Jis moman m ap pale avèk nou la, mwen pa fout wè koteAyiti prale paske vagabon anpeche peyi a fonksyone. Nou gen yon gouvènman ki kòmanse byen. Kounye a bann jalou yo vle lage li nan tenten nan òganize opozisyon san tèt, san kò san pye. Se bay manti tout lasent jounen. Se nan sa yo pran sètifika yo pou kreye dezòd. Ayiti, pou mwen e tankou pou anpil lòt tankou m kwè se yon peyi ki pa enterè fouti.Yon peyi ki kapab repran eskanp figi l si nou konfòme nou avèk prensib yo pou yon reyalizasyon total-kapital.

Nou pa fouti di m noupa wè gen yon bagay kap regle nan peyi kote yon pòsyon pran bagay yo oserye. Lòt demeplè yo pa vle travay pou peyi a. Se plezi yo ke yo vin pran nan bay manti. Yo pa gen anyen serye y ap janm regle nan peyi Dayiti avèk yon bann dirijan sèvèl poul ki okipe pouvwa-a pou fè sa yo pi pito e di tout tenten pou blofe moun. Yo chita ap fè zen. Reyalite-a devan je tout moun ki konsyan e menm sa ki pran pòz ke yo reyèlman pa wè e pa konprann kalamite peyi a. Nèg yo mechan e yo fè eksprè ap fè tout tenten sa yo. Yo gen yon travay pou yo fè pou soulaje doulè malere yo men se pa sa yo vin regle men enterè pèsonèl yo pou pa janm gen pwoblèm nan vi yo.

Jak : Mwen antyèman dakò avèk ou. Men fòk ou eseye konprann ke vagabon toujou rete vagabon. Yo pa gen tan pou zafè peyi. Nou gen dwa konstate nan ki nivo bann vagabon yo nan peyi a pini pèp-la nan fason yo konpòte yo. Se pa tyravay yo vin travay. Yo vin tou cho, tou bouke pou fè landyèz kòm si yo avèk pèp e yo konn doulè li. Se yon pakèt blofè ki pran pòz inosan, senpatize ak pèp. Poutan, se zafè yo ke yo tout vin regle pou yo kapab fè kapital politik yo. Nou kwè pèp-la dwe pran yon desizyon pou dekapote tout move sije ki anpeche peyi a devlope, dekole e rive nan yon pozisyon kote bagay yo kapab chanje nan tout sans pou nou ta kapab rive wè gen yon desizyon ki pran pou bagay yo kapab chanje pou bon nan peyi zansèt nou yo te fè anpil sakrifis nan koule san yo pou nou tekapab gen peyi sake nou neglije nan fè tenten. Nou pagen saki rele lanmou pou peyi. Nou prefere ap grennen jilbrèt olye nou mete tèt nou ansanm pou nou regle sa nou gen pou nou regle. Yon pakèt sangwen ap mennen peyi a nan kafou dezespwa pou tout moun dekouraje. Ki peyi nou gen la ke pèsonn pa fouti dirije la pou gen yon chanjman total-kapital.Se pa serye ditou pou nou rete asiste vye voksal sa a nan je nou. Yon pakèt enkonsyan ki pa gen nosyon pou dirije alevwa pou yo ta gouvène. Nou bouke avèk bann malveyan yo ki pap regle anyen e ki pi fò nan pwovokasyon. N ap fè yo tout konnen ke pèp la pap devye e yo dwe bay moun lapè yo. Kou yo retire viza yo tout, y ap oblije konfòme yo. Nan jou k ap vini yo anpil nan yo ap kraze rak. Nou konseye yo konfòme yo pou yo pa regret. Se diktati yo renmen pou yo konfòme yon an moman sa a. Y ap pran nan pwòp pyèj yo si yo pa rete nan wòl tout bon vre. Ayiti te dwe nan menm pozisyon ak peyi Etazini si nou te konn byen sa yon nasyon ye. Nou pran enmdepandans nou 28 lane aprè pèp Ameriken! Semenn sa, yo pral selebre 237 ane endepandans li. Nou tout ki la kapab byen sonje ke se 4 jiyè 1776 ke peyi sa te jwenn endepandans li aprè nou tee de yo tou. Nwèl, kòm istoryen kapab gen plis detay ke yon pwochèn okazyon ka elabore plis paske nou tout baze n jodi a sou konjonkti aktyèl peyi Dayiti nou an. Ki bezwen konkou nou tankou tè sèk ki bezwen anpil gout lapli pou evite pousyè.

Zakari : Bagay sa parèt lèd nan je anpil nan nou pou nou wè se nou menm ki vin aprè Ameriken ki tounen yon peyi demanbre ki pa vo anyen menm e ki pa fouti itil tèt li. Ki moun ki lakoz bagay sila? Anpil nan nou di se etranje. Kòm lòt yo, se nou menm ki antere tèt noun an salte ak malpwòpte sa a. Nou debòde kòm yon pèp lib e endepandan. Mwen fout fatige avèk vye kesyon Ayiti a ki anpeche m viv.Se poutet sa a, map pouse m pou pi devan pou m bliye peyi sa. Mwen pa regrèt mwen jete m Lòs Anjelès pou mwen bliye peyi sa. Yon moun mèt di tout sa li vle. Mwen menm Zakari kite sa nèt pou m rete lwen bann Ayisyen mechan sa yo ki pa wè peyi, men tèt pa yo nan tout lojik. Antouka, Ayiti toujou rete sou kè mwen kèlkeswa frikstrasyon mwen! Peyi Dayiti pa gen dwa sot nan kè m paske w renmen peyi a e se la kòt lonbrit mwen te koupe. Mwen pa gen pwoblèm ak peyi m non. Mwen gen pwoblèm ak pwòp dirijan nou yo ki gen kont pou yo rann nan ajisman yo. Yo rann bagay yo grav e konplike pou n dekouraje. Tout dirijan ki pase yo pa janm regle anyen ke fè dezòd pou rete sou pouva a, Yo gen tout privilèj. Nou gen ekzanp devan nou ki se Aristid kit e prezidan pandan 2 fwa e ki vle vin senate daprè sa k ap sikile nan lakou peyi a menm nan peyi etranje pou li kenbe pouvwa avi. Se ekip sa a ki vle yon pouvwa avi tankou Divalye yo t ap konbat. Ayisyen pa janm divòse ak vye bagay ki pap itil yo. Ala kote w tande koze senan peyi Dayiti Toma.! Se piyay anndan lakay! Tout moun ki vle vin pran piyay, mache byen pou pa di ou pile si w te konnen. Anverite, fòk chanjman an fèt kanmenm.pou peyi a gen yon souf. Ayiti, kòm anpil nan nou konnen deja pa merite ajisman sa a.

Edwa : Mwen tande nou tout nan refleksyon nou. Sa fè m plezi pou m wè nou tout ki la gen sa ki rele laspri patriyyotik ki kapab pwouve nou se Ayisyen otantik. Mesye-dam, se pa ti plezi mwen pran nan tande nou nan refleksyon sou peyi nou. Mezanmi, Ayiti pa gen chans pou wè se moun sa yo ki reyèlman tap dirije peyi a.Yo lage nou tout nan tchouboum. Sa fè lapenn pou nou konstate ke se etranje kap dikte nou sa pou nou fè. Anverite enkonpetans dirijan nou yo parèt lèd. Moun ki kapab fè tout bon pou peyi a, yo ba tout yon bwa long kenbe pou peyi pa rive fonksyone menm. M ap fè nou tout konnen nou pa gen dwa dekouraje paske Ayiti gen pou l sòti nan saltenbank sa a. Mwen pa gen anyen pou m di ankò.Men yon sèl bagay mwen konnen : *« Bat chen an, tann mèt li. »*

Salnav : Mwen Salnav pa twò save men mwen gen dwa di tou tout sa mwen panse. Pa gen madigra mal maske la ki kapab fè m pè la. Pa gen bonjan madigra menm chaloska. Se pou m gen kouraj pou m di : « Chaloska, m wen pa pè w, se moun ou ye. Nou pa bezwen bann malveyan yo ki mete peyi a nan yon vye pozisyon. Se chak jou m ap kriye nan kè mwen pou peyi m ki pèdi souverènte li sètadi dwa gran moun li akoz movèz fwa dirijan nou. Peyi m gen pou l delivre nan tout sans. Si m pa la, foumi va pote nouvèl ban mwen. M'ap fout la kanmenm paske jou a ap vini pou tout sa ki pa byen kanpe, tonbe. Ann nou pran konsyans pou nou kapab wè si nou kapab dekole Ayiti nan ma labou santi li ye la. Ayiti dabò, souple si nou pran konsyans. ! Kote bann Ayisyen vanyan yo ki toujou prè pou defann

Ale na paj 15

JOB OFFER IN JACMEL, HAITI

Artists for Peace and Justice (APJ) - www.apjnow.org -
Position Open at The Artists Institute of Haiti in Jacmel, Haiti
Position: Director – Audio Engineering and Music Production Division
Location: Jacmel, Haiti
Length of position: Minimum one year commitment
Salary: Competitive
Language Requirement: Fluency in spoken and written Haitian Creole, English & French

Organizational Summary

The Artists Institute is a free college for art and technology in the city of Jacmel, and is a partnership with Cine Institute, the We Are the World Foundation, and Artists for Haiti. The Institute creates modern opportunities for Haiti's underprivileged youth to foster entrepreneurship and business development in local creative industries. It currently offers programs in film, and soon will offer programs in music, audio engineering, and design.

Position Summary

We are seeking a School Director for the Artists Institute's new audio engineering and music production division opening in Fall 2013. The ideal candidate will have experience in education and/or education administration, will be a dynamic and effective leader and will have proven experience working in Haiti with local communities. Music or audio industry background or interest is a plus though not a prerequisite. The candidate will need to be extremely organized and passionate about the project. He or she should also be looking to make a long-term commitment toward the success and growth of the Artists Institute.

Interested Applicants Please Request for Information or Send CV and letter to: recruiting@apjnow.org

*Please be sure to include your name and the position you're applying for in the subject line.

journal du 3- 10 juillet 2013:HO 7/3/13 5:26 AM Page 15



Kreyòl

Soti nan paj 14

n peyi a. Jodi a swadizan nou nan tan evolisyon, nou pa pwofite avantaj-la. Nou pa fouti rete pou nou founi je nou. Rete bra kwaze pa yon solisyon pou delivrans peyi nou. Nolu dwe òlganize nou pou nou kapab sove peyi nou nan men bann movesije yo. Se pa nou menm nan Oklawoma ki pou pran responsabilite nou pou nou ede peyi nou. Mwen kwè se mouvman solidarite a ki kapab mennen nou nan kafou viktwa pou yon chanjman total e yon devlopman dirab. Aba tout apatrid, Aba tolut palmantè demeplè e demagòg ki antrave evoliksyon peyi a nan fè tenten tout lasent jounen. Viv peyi Dayiti ki bezwen èd nou tout pou li kapab reprann prestij li nan sen tout peyi kap fonksyone nan mond nan modèn nan.

Pyè : Nou kite bann palmantè yo ap betize avèk nou. Yo pa gen yon tribin pou yo pale-diskite. Se nan radyo sèlman yo rete ap bavade, radote olye yo regle koze peyi a. Nou prefere kite yo ap mele nou pou nou pa wè klè. Bondye fè mwen pa ann Ayiti pou m ta di yo sa Kasayòl te di bèf la. Kòm se nan entènèt, mwen viv tout sa kap pase ann Ayiti, mwen pa bezwen wè kòman bann malpouwont yo, bann malpwòp yo ap devaste trezò peyi a. Nou te gen yon lame fonksyonab malgre tout non yo te bali. Yo kraze lame a ki se baz peyi a. Gade kòman militè yo tounen defen malgre Konstitisyon 1987 la toujou ba li dwa. Si m byen konprann Konstitisyon sa pa an vigè paske l gen fòs kote. Tankou nou tout sot tande la, nou te pran endepandans nou 28 tan aprèAmeriken te pran endepandans pa li. Nou te dwe kontinye ap swip Ameriken pou nou ta wè enpòtans endepandans pa nou an. Non, se pa sa nou vle.Nou prefere viv nan diviyon nèt alkole. Nou malonnèt ! Mwen pa Ameriken, ni mwen pa natiralize, men mwen kontan pou pwogrè ke peyi sa fè pandan n ap goumen antrenou kòm bèt sovaj ki lage nan savann peyi Dayiti.

Silven : Ou di yon pakèt bagay-la ki reyèlman fè sans anpil. Se pou nou degaje nou mete bann vagabon yo deyò pou nou pran destine peyi a nan men nou. Se lotorite Leta ki pa pran men li ki lakòz anpil gagòt nan peyi a. Si dirijan aktyèl yo pa fè jan yo konnen pou bay peyi sa yon lòt oryentasyon pandan pèp la ap travay avèk li pou yon amelyorasyon. Nou chita ap pran dikta paske nou pa òganize nou. Moman an rive pou nou mete lòd nan dezòd. Lokipasyon 1915 nan te bon pou nou paske li te sèvi nou tout jan. Malgre Ameriken te vin mete lòd nan dezòd li te ban nou direksyon pou nou swiv. Nou pi fò nan krazebrize. Aba tout kamoken yo nan peyi a ! Tout trèt peyi Dayiti avèk tout konplis dwe pase devan tribinal listwa. Kòm Nwèl se yon kale nan mouvman sa. Nou dwe retounen isi a yon lòt lè pou nou aprann plis ke sa. Konsa, listwa gen pou'l jije yo tout pou tout tenten yo komèt nan peyi a. Nou dwe ankouraje tout moun ki vle travay avèk pèp la pou yo kontinye fè travay nasyonal la nan tèt kole, nan kole zèpòl ak zèpòl pou yon bon amelyorasyon nan tout domèn. Nou pa nan yon moman pou pale, mete la. Nou dwe pran tout bagay avèk konsekans pou nou rive jwenn yon rezilta pozitif. Jodi a si nou tout te mete tèt ansanm san nou pa divize nan mouvman peyi a, nou ta lwen e zansèt yo ta kontan wè yo pat travay mal.

Pat : Nou toujou ap pale de peyi Dayiti kote gen yon bann malveyan kriminèl ki [pa vle peyi a respire. Mwen rele yo vlenvlen nan mache. Yo pa respekte moun e prensip peyi a. Si nan yon peyi moun yo pa respekte lwa aplike pa fouti gen yon amelyorasyon pou peyi pase nan yon direksyon ki bon pou li. Nou pa dwe kite bann vlenvlen yo dewoute nou pou peyi a fè wout kwochi. Nou dwe gegaje nou nan tout san pou nou reprann valè nou san nou pa mande tanpri sou ple. Nou toujou gen chans pou nou travay seryezman pou nou sispann ap trennen. Bagay yo parèt lèd devan je nou. Li pa bon ditou pou nou rete bra kwaze san nou pa degaje n fè bon bagay pou nou soulaje doulè pèp la e penmèt peyi nou reprann kab li. Nou bouke pale pou mete la. Moman an rive pou nou tout fè yon sèl paske divizyon se gate sa e li nòmalman pa janm pote anyen serye tout kote li pase. Ayiti bezwen tout pitit li e nou dwe fè tout sa nou konnen pou nou fè bagay yo mache. Si se pa sa nou fè, Ayiti ap toujou fouti nan yon sans. Mwen kwè travay ki pou fèt la pa travay prezidan ni gouvènman sèlman, men nou tout kòm piitit peyi a. Yo mèt sote-ponpe, bann vlenvlen yo pa fouti anpeche nou bouje. Vrèman, si nou pa degaje n pou n fè yon chenn solidarite pou nou kapab amelyore kondisyon bagay yo ye nan peyi a e fè bann demeplè yo konprann ke ti mannèv yo pa fouti rete nou nan wout, nap chaje ak plis pwoblèm kap tounen pou nou yon aritmetik san koreksyon.

Siva : Bagay yo pa gen bon sant menm nan nen nou, mezanmi. Se pou nou.òganize nou nan tout sikonstans paske pa gen moun kap vin fè anyen pou nou. Kote nou Ayisyen konsène e ki konsyan tou? Apèl sa se pou nou tout li reyèlman fè pou nou tout vin pote-kole pou Ayiti kapab debloke nan yon maryaj fratènèl kote frè ak sè ap mete men pou ede manman yo san demagoji e san pale, met la. Si te patriyòt konsekan ki reyèlman te renmen peyi yo, se pa konsa pou bagay yo ta ale. Nou gen yon pakèt patatis ak pouyanis ki gaye nan peyi a.

Kamela : Sa fè m plezi anpil pou jan nou abode sijè yo san nou pa lonje dwèt sou pèsonn dirèkteman. Nou gen yon pakèt travay pou nou fè e nou pa den tan pou n pèdi nan moman sa a. Nou bezwen fè yon revolisyon nan sen nou pou nou kraze tèt tout divizyon pou nou ranplase li avèk lanmou kap penmèt nou fè anpil kichòy Mwen regrèt enfiniman mwen te rive yon ti jan an reta nan pou m te tande plis bagay ki ta fè m viv paske m gen yon bon ti bout tan, mwen papatisipe nan jan b rase lide sa a. Se pa ti kontan mwen kontan nou abòde sijè jodi a sou Ayiti ki bezwen konkou anpil pitit li ki vle yon kichòy serye blayi nan peyi a. Peyi n gen pou l chanje.

Wonal : Mwen gen yon pawòl pou nou tout k ap pran pitye pou Ayiti. Se bann ravèt yo nou dwe kraze pou bay peyi a yon chans. Menm Bondye gen pou l dakò avèk nou si nou rive kraze tout ravèt nwizib ki gaye nan peyi a. Na sonje ke li menm menm ak bouch li te fè nou tout konnen si nou gen yon bra k ap ban nou pwoblèm se koupe jete pou nou kapab gen lapè nou pou toutan ki gen tan. Jodi a nou anfas yon bann sendenden ki anpeche peyi a fonksyone nòmalman. Mesye yo pa wont pou yo wè peyi a ap peri nan men yo nan move ajisman yo. Peyi a pa bezwen nan tout telele sa yo ke mesye yo vle mete li. Se chak jou mesye yo ap vin ak voksal san fondman. Nou reyèlman pa konprann ki kote mesye yo vle ale avèk peyi a. Nou jire 77 fwa 7 fwa ke peyi a pa janm pran direksyon kafou tenten tankou bann aladen yo vle li fè a. Toutotan nou la, n ap batay avèk tout fòs nou pou peyi a pran chemen devlopman pou pèp la kapab respire. Nou prepare yon po kan ak foumi pou tout demeplè yo ki san jèn ak wont. Yo pa gen prestij e yo se yon bann malonnèt ki bezwen pou woulo konpresè a pase sou yo tout pou nou jwenn lapè nou. Yo konprann ke n asp kite yo banbile e ban bwoche konsa. Sa va fini tout bon !

Wilnè : A la traka pou lave kay tè. Nou gen yon pakèt ensanse ki pa vle peyi debloke. Yo nan tout aktivite louch pou antrave lòt yo. Gen anpil nan yo ki gen yon grenn zanno yo kay òfèv. Yon bon jou kon sa, y ap mache pran yo paske : *« bay kou bliye, pote mak sonje. »* Yo chaje ak pwoblèm e se sa ki fè yo pa gen kote pou yo repoze tèt yo. Se regretan sa pou nou wè yon pakèt stipid ranje kò yo pou yo rete sou pouvwa a pou yo kapab ranje zafè yo. Ayiti pa gen chans tout bon. Men gen yon jou nou tout ap leve kanpe pou nou di ansanm avèk tout kouraj nou : *« Abraàm di sètase, bann demonkriminèl. »*

Klodi : Mesye yo konprann nou nan jwèt ak yo. Pèp ayisyen pa nan plezantri tout bon ak demeplè e aryenafè yo ki konprann li pap pran nòt. Poutan yo te twonpe nètale. Se pou nou fè tout sa nou konnen pou nou ede peyi nou e pou voye bann vagabon yo al reflechi pou tout lavi yo. Jodi a nou gen yon peyi kote gen yon efò konsiderab k ap fè pou l kapab reprann prestij li. Si mesye yo te vle travay ansanm pou peyi a, jodi a nou t ap byen lwen. Yo prefere divizyon olye linyon. Ayisyen gen yon sòt konpleksite lakay yo paske si yo pa renmen tèt yon moun nan yon pozisyon, y ap fè tout sa yo konnen pou koupe tèt moun sa a nan jagon bann demeplè yo. N ap voye yon pinga bay bann ensanse yo pou nou di yo Agouwou di : *« Si Bondye vle !* » Epi, ya va aprann respekte lòt yo nan tout sans. Divizyon nan peyi a vale twòp teren. Anverite, fòk sa fini !

Jan Bèbè
3 jiyè 2013

journal du 3- 10 juillet 2013:HO 7/3/13 5:26 AM Page 16

Sports

Le Brésil a remporté la Coupe des confédérations aux dépens de l'Espagne (3-0)

Par Robert Noël

Le dimanche 30 juin, la Coupe des confédérations a pris fin avec le dernier match opposant l'Espagne, champion du monde en titre, à la sélection du Brésil, pays organisateur de cette grande joute sportive. L'Espagne est reconnue pour son jeu attrayant, constitué de courtes passes, de sorties en triangle, de permutations fréquentes et du jeu sans ballon. Cette finale a été le souhait des amants du football. Et, les fans du Brésil ont vu leur rêve se concrétiser.

La meilleure équipe l'a emportée

Certains s'attendaient à une victoire de l'Espagne, considérant le fichier de cette sélection : deux fois championne d'Europe et championne du monde en titre. Beaucoup de gens pensaient que l'Espagne allait continuer sur la

La sélection brésilienne célèbre sa grande victoire après avoir gagné la Correction en jaune. Coupe des confédérations, trois fois consécutives (quatrième Coupe des confédérations du Brésil).

même lancée et gagner une autre coupe pour ajouter à son fichier. Cette logique ne tient pas en football, l'histoire n'est pas vraiment un perpétuel recommencement. Le football espagnol a perdu de sa vivacité et de son efficacité face au Brésil. Bien que j'aie nommé la sélection de l'Espagne le « *Brésil de l'Europe* » en fait de style, la réalité a prouvé que le Brésil détient la paternité du beau jeu, que l'Espagne a adopté au fil des ans. Le Brésil est mieux connu pour le « *juego bonito* », qui caractérise ce pays et cela depuis la période de Pelé, Didi, Vava, Garrincha, puis Rivelino, Carlos Alberto, Socrates, Tostao, Falcao, etc., et même avant eux.

Il faut noter la présence de Luiz Felipe Scolari, assisté du grand directeur technique Carlos Alberto Parreira. Celui-ci a été l'entraîneur du Brésil quand la Sélection remporta la Coupe du monde 1994, la Copa America, en 2004, et la Coupe des confédérations, en 2005. Le Brésil a donc gagné la Coupe des confédérations en quatre occasions, dont trois successives. Scolari et Parreira ont apporté un nouveau souffle à l'actuelle Sélection brésilienne. On voit clairement qu'on n'est pas au temps de Dunga comme entraîneur ou Manno Menezes, qui le remplaça après la dernière Coupe du monde.

À la deuxième minute de jeu, Fred a ouvert le score pour le Brésil. Après ce premier but, les Espagnols paraissaient abasourdis, déboussolés, comme perdus dans un vaste désert. C'est la même sensation qu'a un boxeur qu'on envoie au tapis à la deuxième minute du premier round. On remarque un revirement en profondeur au sein de la Sélection brésilienne, où le directeur technique combine un jeu défensif et offensif à part égale. Et, certaines fois, Felipe Scolari donne priorité au système défensif que supportent les milieux de terrain Paulinho et Luiz Gustavo, qui n'ont jamais failli à leur tache.

On doit se rappeler qu'une bonne attaque permet de gagner des matchs, mais une excellente défense fait gagner un championnat. Cela a été bel et bien prouvé au cours de cette grande finale. Le Brésil a, tour à tour, modifié sa stratégie et sa tactique, selon les besoins du moment. En plusieurs occasions, il a forcé son adversaire à jouer très bas dans sa propre zone, sans jamais dépasser la ligne médiane. Fernando Torres n'a pas été capable de secouer la défense brésilienne. Le Brésil a, par occasion, appliqué le « *Catenaccio, système défensif très utilisé dans le football italien* » pour maintenir son avance au tableau d'affichage, mais il a aussi joué un « *Total football, style hollandais* », pour augmenter la marque. Marcelo n'a cessé d'alimenter Neymar en passes à l'aile gauche. Et, Dani Alves n'a pas hésité à attaquer. Ces actions ont désorganisé la défense espagnole, qui était mise sous forte pression.

Paulinho et Luiz Gustavo ont imposé un marquage serré sur Andres Iniesta et Xavi Hernandez, ce qui réduit le champ d'évolution de toute l'équipe espagnole. Malgré tout, Iniesta a pu tirer à distance, mais sans résultat. Le gardien brésilien, Julio César, se trouvait toujours en bonne position et a réussi de bons arrêts. Il a joué un superbe match. Il faut souligner que les Espagnols ont raté quelques bonnes occasions, à part le penalty que Sergio Ramos a envoyé loin des buts que garde Julio César. On ne saurait laisser passer inaperçu le travail efficace de David Luiz, Marcelo et Dany Alves en défense. La bonne anticipation de David Luiz lui a permis d'écarter un danger quand, à la 41e minute de jeu, Pedro Rodriguez a trompé la vigilance du portier brésilien en plaçant un tir qui a été dévié en corner par Luiz, près de la ligne de but. Cette action de Pedro aurait valu l'égalisation à l'Espagne, ce qui aurait changé l'allure du match. Ce qui a vraiment contribué au succès du Brésil réside dans la stratégie, la tactique et la technique que Felipe Scolari a utilisées pour réduire l'espace d'évolution des Espagnols.

L'agonie de la défaite

Apres cette défaite de l'Espagne, des spéculations pleuvent à tribord et à bâbord. Certains se demandent même si c'est le commencement de la fin de l'Espagne en football ou bien est-ce un accident de parcours ? Le Brésil a été nettement supérieur à son adversaire, un fait que les Espagnols, eux-mêmes, ont avoué. Ils doivent retourner sur la planche à dessein pour apporter les corrections nécessaires avant la Coupe du monde 2014. Heureusement, l'Espagne n'aura aucun match de qualification à jouer avant la Coupe du monde, puisqu'il est tenant du titre. Il est qualifié d'office, et le Brésil ne doit subir aucune épreuve puisqu'il est pays hôte de la Coupe du monde 2014. Le 13 juillet 2014 demeure la date retenue pour la finale de cette Coupe du monde. Assistera-t-on à une finale Brésil versus Espagne ? Il est trop tôt pour faire des pronostics. Il n'est que d'attendre, puisque les joueurs espagnols pensent déjà à une revanche.

Avec les deux buts de Fred à la 2e et 41 e minute, puis celui de Neymar à la 44e, le Brésil a donc, pour la troisième fois consécutive, gagné la Coupe des confédérations. Cette victoire fait luire l'espoir d'une sélection qui est capable de remporter la prochaine Coupe du monde. Cependant, rien n'est jamais gagné d'avance. Entre juillet 2013 et juin 2014, on peut être témoin de grands changements au sein de l'équipe que dirigent Felipe Scolari et Alberto Parreira Il faut quand même se méfier de l'Espagne qui va certainement tenter de remettre les pendules à l'heure. Cette sélection espagnole, qui participera à la prochaine Coupe du monde, sera peut-être composée des mêmes joueurs, puisqu'ils ont produit de

Neymar portant le maillot # 10 se réjouit après qu'il eut marque le troisième but du Brésil.

bons résultats ensemble. Neymar a confirmé son talent, et avec le temps il acquerra tout ce qu'il lui manque pour devenir la super étoile que les fans voient déjà en lui. Au sein du Football Club Barcelone, où il doit évoluer, il atteindra la maturité qui va certainement le propulser au haut de l'échelle du football. A se rappeler que le football européen est très physique et Neymar paraît frêle. Les défenseurs de la Liga espagnole ne lui vendront rien au rabais.

Cette sélection brésilienne montre déjà une certaine homogénéité, qu'elle va peut-être perdre à la réouverture des championnats d'Europe. Car les joueurs bénéficiant d'un contrat en Europe doivent rejoindre leurs clubs respectifs. Nous savons tous que le style de jeu en Europe diffère de celui du Brésil, de celui de l'Amérique du Sud en général. Ces sélectionnés qui jouent en dehors du Brésil auront donc besoin d'une période de réadaptation avant la Coupe du Monde pour retrouver cette homogénéité dont l'équipe aura besoin pour briller et remporter la Coupe une sixième fois. Le temps entre la fin des championnats d'Europe et la Coupe du monde sera très restreint. Il faut toujours se mettre en tête que tout est possible, puisque le football est dépourvu de toute logique. L'Espagne se souviendra longtemps de cette cuisante défaite (3-0) face au Brésil.

robertnoel22@yahoo.com